**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ БЕРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университети**

**Қарақалпақ филологиясы факультети**

Әдебият теориясы ҳәм оқытыў методикасы кафедрасы

5220100-филология ҳәм тиллерди оқытыў (қарақалпақ филологиясы) бакалавр бағдарының 4-курс студенти Жалалов Султанның **«Шаўдырбай Сейитов еркин қосықларының жанрлық қәсийетлери»** темасында «ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы» пәнинен

# РЕФЕРАТ ЖУМЫСЫ

Қабыллаған: ф.и.к. А.Досымбетова

Нөкис-2011

# Шаўдырбай Сейитов еркин қосықларының жанрлық қәсийетлери

## МАЗМУНЫ

**1. Кирисиў**

*2.*.**Ш.Сейитов еркин қосықларының идея-тематикалық өзиншеликлери**

**3. Ш.Сейитов еркин қосықларының көркемлик өзиншеликлери**

**4. Жуўмақлаў**

**5. Пайдаланылған әдебиятлар**

Бизиң реферат жумысымыздың темасы «Ш.Сейитов еркин қосықларының жанрлық қәсийетлери» деп аталып, ол қарақалпақ әдебияттаныў илиминде әҳмийетли мәселелердиң бири – еркин қосыклардың жанрлық қәсийетлерин шайыр Ш.Сейитовтың шығармалары тийкарында үйрениўге қаратылған.

Поэзиямызда еркин қосық формасы дәслеп шайыр Ш.Сейтов дөретиўшилиги арқалы жүзеге келип, соң басқа шайырлар дөретиўшилиги арқалы массалық түс алды. Сонлықтан биз Ш.Сейитов поэзиясында еркин қосықлардың пайда болыўы ҳәм лирикалық форма сыпатында қәлиплесиўин үйрениўди ҳәм усы тийкарда шайыр еркин қосықларының жанрлық қәсийетлерин ашып бериўге ҳәрекет етемиз.

Ш.Сейитовтың қарақалпақ әдебиятындағы дөретиўшилик хызмети оның поэзиялық шығармалары менен де әҳмийетли. Ол шайыр сыпатында өз оқыўшыларына «Үшпелек» (1964), «Соқпағым мениң қайдасаң» (1966), «Таўлардан саза» (1970), «Жоллар» (1987) поэзиялық топламларын усынды.. Шайырдың поэзиялық шығармалары туўралы илимпазлар С.Ахметов, Қ.Оразымбетов, П.Нуржановлар өз мийнетлеринде пикир билдирип өтеди. Сондай-ақ, А.Досымбетованың «Ш.Сейитов лирикасында көркем форма» деп аталған кандидатлық диссертациясы биз сөз етип отырған шайыр поэзиясы бойынша арнаўлы илимий изертлеў болып есапланады.

Қарақалпақ поэзиясы бойынша жүзеге келген С.Ахметовтың, Қ.Жәримбетовтың, К.Худайбергеновтың, Ә.Насруллаевтың, Қ.Муратбаев-тың, Т.Мәмбетниязовтың, Қ.Оразымбетовтың ҳ.басқалардың илимий мийнетлери қарақалпақ лирикасындағы ҳәр қыйлы қубылысларды, идея-тематикалық, жанрлық-формалық ҳәм көркемлик изленислерди ҳәр тәреплеме изертлеўге қаратылған.

Қарақалпақ поэзиясында еркин қосықлар бойынша илимпазлардан П.Нуржановтың, Қ.Оразымбетовтың, Т.Мәмбетниязовтың, Б.Генжемуратов-тың, шайыр Ҳ.Айымбетовтың ҳ.басқалардың илимий мақалалары жәрияланды. О.Гайлыеваның «Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында аралық формалардың жанрлық ҳәм формалық қәсийетлери (1970-2000 жыллардағы еркин қосық ҳәм насырый қосықлар)» атлы кандидатлық диссертациясы қаракалпақ поэзиясында еркин ҳәм насырый қосықларды изертлеўге қаратылған.

Еркин қосық форма сыпатында дәслеп француз әдебиятында пайда болып, соң басқа халықлар поэзиясына өткен ҳәм кеңнен раўажланған. Қарақалпақ әдебиятында еркин қосықтың айырым көринислери ХХ әсирдиң 30-жылларында пайда болды. Рус поэзиясының сыртқы формасына («текшели қосық жазыў» усылына) еликлеўшилик, қосық қурылысы элементлериниң сол тилдиң фонетикалық нызамлылықларынан тиккелей

ғәрезли екенлигин инабатқа алмаў себебинен бул дәўирдеги шайырлар изленислери күтилген нәтийжелерге алып келмеди. Еркин қосықлардың форма сыпатында әдебиятымызда раўажланыўы XX әсирдиң 80-жылларына туўра келеди. Еркин қосықлардың формалық қәсийетлери ҳәм теориялық мәселелери туўралы рус, өзбек ҳәм қазақ әдебиятшыларының да арнаўлы мийнетлери бар ҳәм олар қарақалпақ поэзиясында еркин қосықларды үйрениўде де теориялық дереклер хызметин атқарады.

Қарақалпақ әдебиятаныў илиминде илимпаз Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» деп аталған докторлық диссертация жумысында еркин қосық формасына арнаўлы тоқталады.

«Еркин қосық өлшем еркинлигинен тысқары уйқас, бәнтлик системадағы еркинликлерди өз ишине алыўшы, анығырағы, усы элементлердиң еркинликлери тийкарында жүзеге келген қосық формасы» деп жазады өзбек алымы Н.Шукуров.

Қазақ әдебиятшысы Б.Карибаева қазақ шайырларының еркин қосық бойынша былайынша пикир билдиреди: «Қосықтағы поэзияға тән жыйнақлылықты уйқастан емес, сөздиң түпкиликли төркининен, мазмун тереңлиги ҳәм сезим қуўатынан излеў керек».

Ал илимпаз Қ.Оразымбетов еркин қосықларға төмендегише теориялық сыпатлама береди: «Егер қосық прозада бере алмаған сезимди, туйғыны сәўлелендириў мүмкиншилигине ийе болса, еркин қосық көпшилик жағдайда дәстүрий қосық формасында бере алмаған ойды, пикирди бере алыўы мүмкин. Себеби, ондағы форманың еркинлиги, уйқастың, ырғақтың жайдарылығы шайырға усындай мүмкиншилик жаратады».

Илимпазлардың келтирилген пикирлерине сүйене отырып, биз еркин қосықлар бойынша мынадай пикирге келдик: еркин қосықларда қосық элементлерин еркин қолланыў имканиятлары шайырларға инсан ой-сезимлериниң еле де терең моментлерин бериў мүмкиншилигин туўдырады. Еркин қосықларда шайырлар ишки зәрүрлик тийкарында дәстүрий қосықтың мазмун ҳәм форма «дийўалын» бузып, оны қайтадан қурып отырады.

Шайыр еркин қосықлары идея-тематикалық, мазмунлық тәрепинен баҳалағанда кең ҳәм көп образлылыққа ийе ҳәм онда мазмунның терең ҳәм тужырымлылығына дыққат аўдарылған. Оның еркин қосықларында тийкарғы идея өмирдиң мазмунын кең ҳәр тәреплеме ашып бериў, өмир гөззаллығы, ондағы мәңгилик қубылыслар, мәңгилик инсанлар ҳаққында, ел-халықты, миллетти улығлаў, оның бир перзенти сыпатында

келешекке нәзер таслаў, халық тәғдири туўралы жан ашытыў сыяқлы ой-пикирлерге қурылған.

Шайырдың «Бир қыз соқыр жетер» деп аталған қосығының мазмунында антик дәўир шайыры Гомердиң дүнья тарийхындағы орны ҳәм әҳмийети көркем сәўлеленген. Қосықты оқығанымызда бизиң көз алдымызда соқыр шайыр ҳәм оны жетелеген гөззал қыз барлық дәўирлерден өтип, мәңгиликке қарай барады. Қосықта сүўретлеўлер бир неше сызықлар бойлап әмелге асырылады. Көркем идеялық мазмун, сезимлер ағымы тәбийий түрде заман ҳәм имканият шегараларын бузып жибереди. Биринши сызықта антик дәўирде жасаған шайыр сүўретленсе, екинши сызықты бойлап инсан қәлбиниң туйғылары: гөззаллық, адамгершилик, олардың мәңгилиги бериледи, үшинши сызықта дәўирлердиң избе-изли өтип барыўы, оған байланыслы сиясий ҳәм тарийхый жағдайлар, тағы бир сызықтың бойында ўақыттың өтиўине байланыслы тәбияттың өзгерип отырыўы сәўлеленеди. Бул сүўретлеўлердиң бәри бир улыўмалық бағдарға қаратылған: ҳәр қандай тәбийий ҳәм жәмийетлик қубылыслар өткинши, тек те ҳақыйқый лирика ҳәм оны жүзеге келтириўши сулыў сезимлер мәңгилик болып қалады.

Қосықта форманың еркинлиги арқалы оның мазмун еркинлигин тәмийинлеўге ерисилген. Мәңгилик өмир, мәнгилик инсан ҳаққындағы ой-пикирлерин сәўлелендириўде шайыр ҳәр қыйлы дәўирлердиң көринисин де қосық мазмунына сиңирип жибереди.

Жыллар жалап қуртар мийтинди ҳәм беккем,  
Қайсы пирамида мүжилмей жеткен?!  
…Дәўир таслақ жолды бетонлап кеткен!..  
Бир қыз соқыр жетер.

Кемпир естеликтен жубайын жоқлар,..  
Суп-сур постаментте – танклер, топлар…  
Дәўир,  
Дәўирлерди тәкирарлап судлар,  
Соқыр ҳүким етер ! ..

Бул қатарларда бурынғы аўқам дәўириндеги тарийхый шараятлар сәўлеленген. Советлик жәмийеттеги демократиясызлық сиясат ҳәм ол ҳаққындағы лирикалық қаҳарманның ой-пикирлери «Дәўир таслақ жолды бетонлап кеткен» деген қатар арқалы өзиниң образлы сәўлелениўине ийе болған. Екинши жер жүзилик урыс дәўириниң көркем картинасы да қосық мазмунында өз көринисин тапқан.

Шайырдың «Бердақ шайыр ҳәм оның монументи ҳаққында еки аўыз сөз», «Кимге, неге керек?», «Қосық жазылажақ» «Туңғыш ҳасыл», «Келешек гөрдеймекен, жерди де жерлеймекен?!» «Кешигип келген бахыт ямаса сөк ҳаққында қосық», «Кел терис қайтайық», «Умытылған альбомнан» қосықларын идея-тематикалық көзқарастан көптүрлиликке ийе. Шайырдың қосыкларына полифониялылық, яғный көпқатламлылық қубылысы тән екенлигин бақладық. Бул қосыкларда тубалаўшылық дәўириниң ашшы ҳақыйқатлығы, шайырлар ушын ҳақыйқатлықты айтыўдың қыйыншылығы, халық аралық қәўетерли жағдайлар, тубалаўшылық дәўириндеги пахта монокультурасының үстемлиги, инсан тәғдирине бийпәрўа қараўшылық, экологиялық проблема, туңғыш муҳаббатты улығлаў сыяқлы мәселелер сәўлеленген.

Шайыр еркин қосықларының тийкарғы идеясын улыўма адамзатлық ҳәм жәмийетлик проблемалардың шешимин излеў, инсанды ҳәм Ўатанды, халықты қәдирлеў, муҳаббатқа садық болыў сыяқлы ийгиликли нийетлер қурайды.

Ш.Сейитовтың еркин қосықларында баслы дыққат мазмун тереңлигине қаратылады, ал уйқас, бәнт, ырғақ сыяқлы компонентлер мазмунға ғәрезли ҳалда қолланылады.

Шайырдың «Сен ишип қойғансаң» қосығында ырғақ уйқас ҳәм қайталаўлардың қатнасы, синтаксислик бирликлердиң жайласыў көринисине байланыслы жүзеге келген. Бул қосықта уйқас қатарларды бириктирип, ырғақ пайда етиўши хызмет атқарып келген. Бирақ қосықтағы уйқас қатаң тәртипке түспеген, системалылыққа ийе емес, тармақшаланып, шақапшаланып келген. Уйқастың бундай тәртипте орналасыўы ондағы пикирлер ағымының берилиўине байланыслы болып, ырғақ епкининде өз көринисине ийе болады. Қосықта «Сен ишип қойғансаң» фразасы, «ҳәлек» сөзи бир неше мәрте қайталанады. Бул қайталаўлар арқалы эмоциональ пикир айрықша интонацияға қурылады ҳәм қосық ырғағын жүзеге шығарыўда қатнасады.

«Бузып өт» деп аталған қосығында да формалық элементлер еркин қолланылған.

Кеўлим шәшмесинен тамар сағыныш,  
Тасты мүжимес ол,  
Мени мүжийди.  
Сағыныш алдында не болыпты ғыш!–  
Күнлер өткен сайын,  
Дәртим гүжийди.  
Мен сени сағындым, улым,  
Шырағым!  
Сағыныш сарғайтты көзимниң ағын,

Миллион болсамдағы,

Сенсиз мен – жалғыз…

Қосықтағы сезим ҳәм толғаныслар тәсирли, өмир шынлығынан жүзеге келген. Келтирилген үзиндиде узын қатарлардың өз-ара, қысқа қатарлардың өз-ара уйқасып келиўи ырғақтың өзине тән көринисин пайда етеди.

Ш.Сейитовтың еркин қосықларында қатарлардың синтаксислик қурылысы да ырғақтың шөлкемлесиўинде белгили дәрежеде қатнасады. Шайыр қосықларында ой-пикирлерди эмоциональ бериў, айырым сөз, сөз дизбеклери мәнилериниң экспрессивлигин арттырыў мақсетинде қосық қатарларының өзине тән синтаксислик қурылысы пайда етиледи. Еркин қосықларда синтаксислик бирликлердиң дүзилиўи де мазмун еркинлигине қатнаслы болады.

Ш.Сейитовтың еркин қосықларында оның сөз таңлаў шеберлиги, көркем сөзден пайдаланыў өзиншелиги де айрықшалыққа ийе. Шайыр көркемлеў қураллары ҳәм усылларынан утымлы пайдаланып, мазмунның эмоционаллығын тәмийинлейди.

Өтип кетти-аў сел суўындай лепирмели
жылларым,–

Мийзандағы өли суўдай баяў ағарман!..

(«Умытылған альбомнан»)

Лирикалық қаҳарманның руўхый ҳалатының мийзандағы өли суўға мегзетилиўи де Ш.Сейитов лирикасының көркемлик өзиншеликлерин аңлатады. Муҳаббат туйғысынан, әтирап гөззаллығынан ләззетлене алмаған лирикалық қаҳарманның батыл болып қалған кеўил дүньясының таза суў түсип турмаған «өли» суўға уқсатылыўы оғада тәбиийий шыққан.

Ш.Сейитов еркин қосықларында пикирге эмоциональ қатнасты билдириў қураллары сыпатында метафора, эпитет, синекдоха, гипербола ҳ.т. басқа көркемлеў қураллары қолланылған.

Ш.Сейитовтың еркин қосықларында мазмун көркемлигин тәмийинлеўде сүўретлеў усыллары да айрықша хызмет атқарады. Шайырдың еркин қосықларында қолланылатуғын сүўретлеў усылларының бири – антитеза.

Антитеза сүўретленип атырған объектти ишки қарама-қарсылығы менен ашыўға, ўақыя, ҳәдийселерди айқын сәўлелендириўге хызмет етеди. Шығармадағы образлылықты ҳәм эстетикалық тәсиршеңликти тәмийинлейди.

Сен кемпир емессең,–

Ал келиншексең!

«Қойса қартайдық,..», деп, қаймықпа мәзи!
Ғаррылық жәбирин шеккенлер шексин,
Тек сен тәрк әйлеме жаслықтың назын!

Сен кемпир емессең,–
Қызыл алтынсаң,–
Алтынға айналған тислериң, сырғаң.
Өмирге буншелли муздай салқынсаң!..
Қуўайын!
Шағлап қаш, шағлап қаш қырға!..

Шайыр лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясындағы толғанысларды сүўретлеўде көркем сүўретлеў усыллары болған антитеза ҳәм қайталаўды шеберлик пенен қатар ислетеди. Нәтийжеде, лирикалық қаҳарманның өз сүйиклисине болған сезимлери тәбийий ҳәм тәсирли берилген. Ол өзиниң сүйиклисиниң «кемпир емеслигин» қайталайды, соның менен бирге кемпирге қарама-қарсы түсиниклер болған «келиншек» ҳәм «қызыл алтынды» қатар қояды.

Биз Шаўдырбай Сейитовтың еркин қосықларының жанрлық қәсийетлерин изертлеў барысында төмендегише шешимлерге тоқтадық:

Ш.Сейитов лирикасында еркин қосықлар лириканың басқа түрлери сыяқлы тематикалық жақтан шекленбеген. Тәбият ҳәм жәмийет, адамлар арасындағы қарым-қатнас формаларының кандай да бир көриниси еркин қосық мазмунына тийкар етип алынған ҳәм көркем сәўлеленген.

Еркин қосық формасына тән өзгешелик болған бир тегис емес қубылмалы ырғақты жүзеге келтириўде уйқас, поэтикалық қайталаўлар, қосықтың синтаксислик қурылыс өзгешеликлери тийкарғы критериялар сыпатында шайыр тәрепинен шебер ислетиледи.

Шайыр еркин қосықларында лирикалық мазмунды жүзеге шығарыўда ҳәм оның эмоционаллығын тәмийинлеўде көркемлеў қуралларынан шебер пайдаланады. Шайыр еркин қосықларында көркем мазмунды сәўлелендириўде сүўретлеў усыллары айрықша жетекшилик етеди.

Жуўмақлап айтқанда, Шаўдырбай Сейитовтың еркин қосықлары инсан ишки дүньясы қубылыслары менен сыртқы дүнья ҳәдийселерин сүўретлеўде шайырдың жаңаша форма излениўшилигиниң нәтийжеси сыпатында жүзеге келген ҳәм көркем форма сыпатында раўажланыўына ийе болған.

## Пайдаланылған әдебиятлар

1. Ахметов З. Өлең сөздиң теориясы. –Алма-Ата: Мектеп, 1973.
2. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
3. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис, Билим, 1994
4. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. –Тошкент: Ўзбекистон, 2002.
5. Гайлыева О. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында аралық формалардың жанрлық ҳәм формалық қәсийетлери (1970-2000 жыллардағы еркин қосық ҳәм насырый қосықлар): Канд. дис. –Нөкис, 2006.
6. Досымбетова А. Шаўдырбай Сейитовтың лирикасында көркем форма. канд.дисс. Нөкис, 2008.
7. Карибаева Б. Қазирги қазақ лирикасының поэтикасы. –Алматы: Жазушы, 1988.
8. Муратбаев Қ. Қарақалпақ поэзиясында қосық қурылысы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
9. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәуирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. –Нөкис: Билим, 1992.
10. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. –Нөкис: Билим, 2004.
11. Сейитов Ш. Соқпағым мениң қайдасаң. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1966.
12. Сейитов Ш. Таўлардан саза. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1970.
13. Сейитов Ш. Жоллар. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1987.